

Saemaul undong:

Krédo bangsa Koréa

Ku Dede Kosasih

Kong Fu Tse téh minangka salah saurang pilsup nu wijaksana jeung ahli strategi jaman China kuno. Hiji waktu kungsi dideuheusan ku salah saurang muridna. Éta murid téh naros: "Suhu, cik abdi pasihan bongbolongan, naon waé nu ngalantarankeun hiji bangsa tiasa unggul atawa jaya?" Éta pilsup téh ngawaler saréh tur tetes, cenah aya tilu perkara nu kudu dicumponan. Saperkara, éta bangsa téh kudu ngabogaan pasukan tentara anu kuat tur samakta ku élmu jeung pakarangna, geusan nahan panarajang musuh. Nu kadua, sagala kabutuhan jasmani rahayatna saperti kabutuh: sandang, pangan jeung papan téh kudu kacumponan sing cukup jeung walatra. Nu pamungkas, éta bangsa téh kudu pengkuh, tokoh nyekel deleg prinsip-prinsip nu jadi kayakinanana. Cindekna, lamun éta nu tilu prinsip geus jadi sisindekelan jeung cecekelan dina unggal renghap katut unggal réngkak masarakatna tanwandé baris jadi bangsa nu adidaya (unggul).

Kumaha patalina 3 prinsip nu didadarkeun ku éta pilsup jeung bangsa Koréa? Geura urang papay, kumaha rongkahna kajadian nu ampir-ampiran numpurkeun bangsa atawa nagara Korsél (Korea Selatan), kapan sakitu pertélana jeung bisa gancang diungkulanana.

Nalika mimiti ngadegna ieu nagara, Koréa (Korsél) téh minangka hiji nagara nu méh ancur-ancuran alatan perang nyaéta ku ayana Perang Dunya II jeung mahabuna perang sadudulur, patelakna antara Koréa Selatan (Korsél) jeung Koréa Utara (Korut). Tapi ku naon éta dua nagara téh nepi ka ayeuna tetep tagen, pangpangna bangsa Korsel lian ti tagen téh unggul deuih? Tétéla konci unggulna bangsa Korsél téh *teu incah balilahan, tokoh nyekel deleg kayakinanana* nu nyangkaruk dina krédo *Saemaul undong*. Bangsa Korsél bisa nguniang bari suksés deuih ngawangun nagarana nu méh-méhana ancur téa.

Mun dititénan, kumaha kaayaan awal éta nagara, kawilang *dilematis-pesimistis*. Naon sababna? Nilik kana sumber daya alamna ieu nagara téh kawilang miskin. Wewengkonna méh 70% mangrupa pagunungan nu kadar batuanana ukur ngandung *gneiss* jeung *granit*. Lahan keur tatanén, mungguh jauh tina nyumponan, éstu saeutik pisan. Tah, tina kondisi alam anu sakitu tigeratna jeung sarwa kékérahétna, tétéla geus ngajaulkeun tur numuwuhkeun karakter bangsa Koréa jadi manusa-manusa anu tangguh, unggul jeung paripurna. Nurutkeun ulikan jeung dadaran 'penulis Barat' unggulna urang Korsel téh koncina: *giat, suhud, loba akal* jeung *sumanget anu kuat*.

Ku lantaran ngarumasakeun diri boga kahéngkérana téa, pangpangna sumber daya alam, bangsa Koréa jadi engeuh yén pikeun matéakeun jeung ngayakeun parobahan pikeun kamajuan téh kudu ku cara séjén. Nya cara séjén nu diterapkeunana téh ngaliwatan kredo *saemaul undong*. Demi *saemaul undong* téh nyaéta gerakan parobahan nu suméndér kana ajén-inajén kearifan tradisional (*local genius, local wisdom*) bangsa Koréa nu tokoh nyekel deleg kana prinsip *rajin, mandiri* jeung *gawé bareng* (gotong royong).

Tukuhna kana kana prinsip *rajin*, bangsa Korsél dipeuseuh sangkan jejem jeung suhud kana barang gawé, henteu dapon baé. Jajauheun kana wawayagon. Ari pengkuhna kana prinsip *mandiri*, urang Korsel mah mahing pisan gumantung ka jalma lian. Ulah kaniaya, ulah rék wani-wani neumbleuhkeun tanggung jawab ka pihak séjén. Cindekna ulah rék *népakeun taleus ateul*, komo *nangkeup bari mawa eunyeuh* mah. Tah tina ieu prinsip téh nyababkeun urang Korsel jadi sadar jeung wani tanggung jawab kana rupaning kaputusan anu geus dipigawéna. Gugon tuhonna kana prinsip nu katilu nya éta gawé bareng (gotong royong), implikasina keur masarakat Korsel mah tumuwuhna rasa silih talingakeun, silih percaya di antara masarakatna. *Sareundeuk saigel, sabobot sapihanéan*. Kautamanana tina ieu prinsip nu katilu téh tétéla bisa ngaronjatna tradisi *silih bantu, silih asah, silih asih* jeung *silih asuh* di antara masarakatna. Maranéhna henteu aing-aingan, geusan ningkatkeun ajén hirup jeung huripna. Malah anu leuwih pentingna deui, tétéla bisa ngajaulkeun prilaku kompetitif jeung

partisipatif anu séhat. Dumasar kana eta prinsip, rupaning pasualan bangsa Korsel, kaasup masalah mahabuna korupsi bisa diungkulan kalawan suksés.

Luyu jeung mekarna ajén-inajén demokrasi di Korsél, tétéla dibarengan ku ningkatna rasa tanggung jawab publik para pejabatna. Ku kituna, lamun aya pejabat publik ménta eureun (undur diri) lantaran rumasa geus ngaluli-luli kawajibanana lain hal anu anéh dina iklim demokrasi bangsa Korsél mah.

Basa kajadian ménta eureunna Perdana Menteri *Lee Hae-chan* dina awal bulan Maret 2006, lantaran rumasa kabaud ku skandal golf mangrupa manifestasi tina *saemaul undong* prinsip anu kadua nya éta kamandirian bangsa Korsel nu wani tanggung jawab bari teu neumleuhkeun kasalahan (mencari kambing hitam) ka jalma séjén. Ieu kasus téh minangka eunteung (*refleksi*) ngaronjatna standar etika (budaya éra) nu dipraktékkeun ka sakumna pagawé pamaréntahan Korsél. Walatra, bari *henteu cueut ka nu hideung, ponténg ka nu konéng*.

Ari hakim, dina nibankeun putusanana éstu *ngadék sacékna, nilas saplasna*. Cindekna, putusan hakim téh ébréhan tina (rasa) kaadilan balaréa. Tara ieu ngawilah-wilah jelema dina ngalaksanakeun pancénna; rék perdana menteri rék tukang patri, rék saudagar rék *andar-andar*, tetep sarua wé di hareupeun hukum mah; salah nya salah, bener nya bener. Kitu deui dina nyieun putusan ogé bakal saujurtna; moal aya nu disumput-salindungkeun bari dirugal-rigel heula, kumaha ceuk pesenan ti luhur atawa duméh aya *ruruba* ku cara jual beuli perkara. Nya ulah hémeng lamun pangadilan Korsél salila ieu geus nyidangkeun jeung ngaragragkeun putusan salah pikeun pagawé sipil tina dakwaan *korupsi, kolusi* jeung *nepotisme* lantaran bukti. Ieu téh minangka tukuha komitmen saurang presiden Korsel Roh Moo-hyun, pikeun muka lawang dina nyiptakeun budaya politik nu bersih najan bari bisa jadi bumerang keur dirina.

Ti saprak presiden Roh dibenun dina bulan Pebruari 2003, saeutikna geus aya 30 kasus undur diri pajabat publik boh eksekutif, legislatif boh yudikatif, kitu nurutkeun data nu dilansir ku radio Korea Internasional (*KBS World Radio*). Umumna nu ngalundurkeun dirina téa téh lantaran ngarasa salah jeung wirang, cindekna mah mintonkeun rasa tanggung jawab anu luar biasa. Nu jadi pertanyaan, naha budaya ménta eureun (undur diri) pejabat Korsel téh aya pangaruhna keur nagara? Jawabanana, tangtu baé aya, nyaéta ku ngajaulna tingat ekonomi jeung ngabelesurna industrialisasi ninggalkeun nagara séjénna.

Kayaan ekonomi bangsa Korsél nalika ahir Perang Dunya ka-2, kapan méh sarua jeung kayaan perekononmian nagara-nagara miskin di Asia jeung Afrika. Perang sadudulur ogé deuih sasat jadi nambah kasangsaraan. Katurug katutuh.

Tapi, pikeun masarakat Korsel mah kaayan kitu teu dipaké ngabarungsinang atawa peunggas harepan. Maranéhanana nguniang hudang, singkil teuneung ludeung bari disundang ku etos kerja anu luar biasa pikeun matéakeun jeung ngokolakeun perekonomianana. Hasilna? Kiwari nagara Korsel bener-bener jadi hiji nagara minangka *macan Asia*, satata jeung Jepang katut China. Panghasilan perkapitana waé 20 tikeleun ti nagara Korut nu méh mapakan nagara-nagara maju di Uni Eropah.

Maju jeung unggulna bangsa Korsél kahontal dina pungkasan taun 1980-an. Pamaréntahna tihot-hat jeung toh-tohan ngokolakeunana, méré andil gedé kaasup méré kredit langsung, pembatasan impor, pensponsoran jeung usaha nu kuat ti para tenaga kerja.

Upaya-upaya pamaréntah model kitu téh tangtu baé gedé pangaruhna, nu ahirna bangsa Korsél jadi nagara nu unggul dina industri kapal (*ship building*) nomer wahid di dunya. Ieu nagara ogé kacatet minangka produsen semi konduktor nu pangunggulna; produsen telepon selular (*LG, Samsung*) nomer dua; produsén tekstil nomer lima; jeung produsen kendaraan mobil (*Hyundai, KIA, Daewoo*) no genep di dunya. Ieu kondisi téh tangtu baé nyababkeun tingkat ekonomi bangsa Korsél aya dina urutan ka-11 di tingkat global.

Kumaha ari urang? Éta mah nya kantun nalék manéh baé sing rajin ngawisik, nyaliksik diri.

Geura wé, lebah matéakeun ajén-inajén demokrasi jeung sawangan hirup, bangsa urang mah kapan tétéla ganjorna mun seug dibandingkeun jeung bangsa Korsél. Nu

ngabédakeun pejabat Korsél jeung Indonesia téh di antarana sawangan kana kasadar diri, pangpangna rasa tanggung jawab publik nu disandangna nalika meunang amanah jabatan publik. Pejabat Korsél mah nganggap yén éta jabatan téh dina seuh-seuhanana bisa ngalahirkeun tanggung jawab nu gedé ka masarakat. Éta kasadar téh kaipuk tur bisa jadi pangdorong keur pejabat Korsél pikeun ngecagkeun kalungguhanana lamun manéhna gagal ngalaksanakeun tanggung jawab atawa ngaluli-luli. Lain ngan saukur tanggung jawab kana pancén baé, tapi leuwih nyidekel deuih kana tanggung jawab moral. Sedengkeun ari pejabat Indonesia mah can ngabogaan éta kasadar, sakumaha nu dipintonkeun ku pejabat Korsél. Keur pejabat Indonesia mah jabatan publik téh teu ngabogaan konsekuensi naon-naon kana tanggung jawabna ka masarakat.

Fenomena nu tumiba ka bangsa Korsél tétéla geus jadi bukti benerna ucapan *Kong Fu Tse* yén pengkuhna kana kayakinan jeung ajén-inajén (sawangan hirup), hiji bangsa pinasti sanggup ngahontal kajayaan. Cag!

Majalah Sunda *Cahara Bumi Siliwangi* Edisi no. 2 April 2009